

## BAB V PANUTUP

Dina ieu bagian ngaguar ngeunaan kacindaan, implikasi, jeung rékoméndasi hasil panalungtikan.

### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data, panalungtikan ngeunaan modél *Snowball Throwing* dina pangajaran nulis téks biografi ka siswa XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung taun ajaran 2022/2023, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis téks biografi siswa saméméh ngagunakeun modél *Snowball Throwing* rata-rata peunteunna nyaéta 53,13, hartina, kamampuh siswa kagolong kana katégori kurang atawa can tuntas. Ieu hal katitén dina peunteun unggal aspék anu masih kurang tina KKM 75, nyaéta 1) eusi nu meunang rata-rata peunteun 16,25 tina skor maksimal 30 kaasup sedeng-cukup; 2) organisasi eusi nu meunang rata-rata peunteun 10,97 tina skor maksimal 20 kaasup sedeng-cukup; 3) diksi nu meunang rata-rata peunteun 10,19 tina skor maksimal 20 kaasup sedeng-cukup; 4) makéna basa nu meunang rata-rata peunteun 11,38 tina skor maksimal 20 kaasup sedeng-cukup; jeung 5) éjahan nu meunang rata-rata peunteun 4,66 tina skor maksimal 10 kaasup sedeng-cukup. Cindekna, siswa can maham kana aspék eusi, struktur, jeung kabahasaan dina téks biografi.
- 2) Kamampuh nulis téks biografi siswa sanggeus ngagunakeun modél *Snowball Throwing* taun ajaran 2022/2023 rata-rata peunteunna nyaéta 82,47, hartina, kamampuh siswa kagolong kana katégori alus atawa tuntas. Ieu hal katitén dina peunteun unggal aspék anu nyumponan kana KKM 75, nyaéta 1) eusi nu meunang rata-rata peunteun 23,84 tina skor maksimal 30 kaasup alus; 2) organisasi eusi nu meunang rata-rata peunteun 18,13 tina skor maksimal 20 kaasup alus pisan; 3) diksi nu meunang rata-rata peunteun 16,66 tina skor maksimal 20 kaasup alus; 4) makéna basa nu meunang rata-rata peunteun 16,34 tina skor maksimal 20 kaasup alus; jeung 5) éjahan nu meunang rata-

rata peunteun 7,5 tina skor maksimal 10 kaasup alus. Cindekna, siswa geus maham kana eusi, struktur, jeung kabahasaan dina téks biografi.

- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biografi siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Snowball Throwing*. Katitém tina rata-rata peunteun *pretest* 53,13, sedengkeun rata-rata peunteun *posttest* 82,47. Bédana kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Snowball Throwing* dibuktikeun dina uji hipotésis. Uji dina ieu panalungtikan ngagunakeun *Statistic Parametic* kalawan uji *Paires Sample T-test*. Nilai signifikansi nyaéta 0,000 atawa  $<0,05$ . Hartina,  $H_1$  ditarima  $H_0$  ditolak ku kituna aya béda anu signifikan antara *pretest* jeung *posttest*. Katitén yén modél *Snowball Throwing* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biografi siswa kelas XI MIPA 5 di SMA Negeri 19 Bandung taun ajaran 2022/2023. Hartina, modél *Snowball Throwing* éféktif digunakeun pikeun pangajaran nulis téks biografi di SMA kelas XI.

## 5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Snowball Throwing* dina kamampuh nulis téks biografi. Larapna ieu modél téh miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna, siswa leuwih aktif sarta interaktif jeung papada baturna. Salian ti éta, siswa ogé bisa leuwih disiplin dina ngarumuskeun luyu jeung matéri nu diajarkeun sarta silih méré pangaweruh, nu antukna siswa leuwih maham jeung ngarti kana matéri tur bisa ngawangun kawani dina ngedalkeun patalékan ka babaturanna atawa ka guru.

Lian ti kitu, dina lumangsungna ieu modél ogé aya kahéngkéranna, pangaweruh siswa anu kurang jembar ngan saukur sabudeureun matéri nu ditepikeun hungkul. Ketua kelompok anu teu maksimal dina ngajéntrékeun tangtuna ngabalukarkeun ka anggota séjénna pikeun maham matéri, ku kituna, diperlukeun waktu anu réa pikeun siswa dina ngarumuskeun matéri pangajaran.

## 5.3 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis téks biografi ngagunakeun modél *Snowball Throwing*, panalungtik miboga sababaraha

rékoméndasi pikeun pamaca sangkan bisa leuwih ngaronjatkeun deui dina kamampuh diajar jeung ngajar. Rékoméndasina saperti ieu di handap.

- a. Dipiharep modél *Snowball Throwing* bisa jadi bahan ajar pilihan (*alternatif*) dina pangajaran basa Sunda lianna, hususna dina pangajaran nulis téks biografi.
- b. Dipiharep pikeun panalungtik ka hareupna, sangkan bisa leuwih ngajembaran ngeunaan modél *Snowball Throwing*.